



Pou Biblikasyon Imedya: 10/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLAN INOVASYON EKONOMIK POU DEVLOPE TRAVAY AK BIZNIS ALAVINI YO ATRAVÈ ETA NEW YORK

*Envestisman sible yo pral devlope endistri ki gen gwo kwasans epi ranfòse chèn apwovizyonman Eta a*

*Plan pral elaji pwogram Atraksyon Biznis Siyati pou pote plis konpayi klas mondyal nan Eta New York epi ankouraje kwasans travay*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plan pou elaji opòtinite ekonomik ak inovasyon atravè Eta New York atravè envèstisman sible, sipò biznis, ak lòt pwogram ki vize endistri ki gen gwo kwasans yo nan kad Eta Leta 2023 a. Pwopozisyon an, ki konsantre sou sektè endistri k ap grandi rapidman tankou gwo teknoloji, syans lavi yo, ak manifakti avanse, gen ladan mezi pou ranfòse chèn apwovizyonman Eta a epi elaji pwogram atraksyon biznis ki byen etabli ki déjà pwouve yo ankouraje kwasans lan. Efò kolektif sa yo pral ranfòse ekonomi inovasyon New York epi ankouraje devlopman biznis ak kreyasyon djòb atravè Eta a.

"Estat New York kòm yon sant inovasyon se pi plis pase yon eritaj istorik, li trase chemen nou an nan yon avni ki pi briyan ak pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè nou konsantre sou endistri k ap grandi tankou gwo teknoloji, syans lavi, ak manifakti avanse, nou pral kontinye debloke nouvo opòtinite, fè ekonomi New York la pran yon longè davans sou koub teknologik la epi rete yon lidè nan kreye travay demen yo."

New York déjà ap dirije wout la nan kreye travay alavni an. Ant 2010 ak 2021, yo te kreye 113,000 djòb ki gen gwo salè nan sektè teknoloji a, ki kouvri tout bagay soti nan rechèch syantifik rive nan devlopman lojisyèl, epi biznis New York te ranmase 53 milya dola nan kapital a risk an 2021. New York se youn nan pi gwo eta nan nasyon an pou finansman kapital a risk nan syans lavi e li déjà akeyi plis pase 580 nouvo konpayi syans lavi depi 2017, sa ki ajoute 9,700 nouvo djòb. Anplis de sa, envestisman istorik 100 milya dola Micron an nan fabrikasyon semi-kondiktè nan New York Santral la, ki pral kreye jiska 50,000 nouvo djòb, te retabli Eta a kòm yon sant pou manifakti avanse. Devlopman kontinyèl sa yo ak lòt sektè ki gen gwo kwasans se kle pou avanse ekonomi New York la.

**Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare**, "Anba Lidèchip Gouvènè Hochul a, n ap aplike yon apwòch konplè pou devlope ekonomi Eta a nan pwomouvwa fòs New York pou kreye djòb ak bay opòtinite ekonomik pou tout moun. Bon estrateji ekonomik Gouvènè Hochul pral bati ekonomi Eta a lè li vize endistri ki gen gwo kwasans epi pwomouvwa dirabilite, pandan l ap kreye yon ekonomi ki leve tout Nouyòkè yo epi ki asire siksè eta nou an alavni."

### **Pwogram Kontrepatti Inovasyon Teknoloji**

Gouvènè Hochul te pwopoze yon Pwogram Kontrepatti Inovasyon Teknoloji, ki pral bay plizyè milyon dola nan sibvansyon kontrepatti pou konpayi New York k ap aplike pou pwogram Rechèch Inovasyon pou Ti Biznis ak Transfè Teknoloji pou Ti Biznis, de pwogram federal konpetitif - ke yo rele "Fon Demaraj Etazini an" (America's Seed Fund) - ki ankouraje ti biznis yo angaje yo nan rechèch ak devlopman ak potansyèl pou komèsyalizasyon. Kounye a, plis pase mwatye eta nan nasyon an gen yon pwogram sibvansyon kontrepatti pou aplikan SBIR/STTR pa yo. New York pa fè sa — mete New York nan yon dezavantaj konpetitif nan atire ak jenere envestisman inovasyon. Envestisman kontrepatti sa a pral sipòte kwasans ti biznis yo ak devlopman nouvo avansman syantifik, pandan y ap kreye djòb epi kenbe New York konpetitif ak lòt eta pou envestisman sa yo.

### **Envestisman nan Terapi Selilè ak Jenetik**

Bati sou pozisyon New York kòm yon lidè nan sektè syans lavi a k ap grandi rapid, Gouvènè Hochul te pwopoze kreyasyon de sant Terapi Selilè ak Jenetik (Cell and Gene Therapy, CGT) - youn nan pati nò ak youn nan pati sid eta a. CGT trete maladi, tankou kansè, nan fabrike selil pasyan ki repwogramme pou swa repare sa ki lakòz maladi oswa touye timè. Avèk yon tyè nan tout envestisman prive an 2021 ki pral nan direksyon CGT, New York gen yon pozisyon inik pou ede devlope nouvo sous-sektè endistri syans lavi a ki gen gwo kwasans. Sant nò eta a pral ogmante enstitisyon ki egziste deja ki fè rechèch ak devlopman nan terapi selil ak jèn, epi sant anba eta a pral bay aksè dirèk ak CGT pou gwo popilasyon pasyan yo. Chak sant pral angaje yo nan rechèch klinik dènye kri epi yo pral ko-lokalize enfrastrikti enpòtan CGT, teknoloji, ak sèvis y/o.

### **Ranfòse chèn apwovizyonman New York la**

Kòm dènye mank apwovizyonman mache ekonomik mondal yo te demontre, sekirize chèn apwovizyonman eta a non sèlman enpòtan pou asire sante ak byennèt Nouyòkè yo, men tou pou evite ripti nan ekonomi nou an. Gouvènè Hochul te anonse yon nouvo inisyativ Made in New York (Fabrike nan New Yoek) pou sekirize chèn apwovizyonman yon fason pwo-aktif pou machandiz ak pwodwi enpòtan yo lè li atire ak sipòte endistri sa yo ki bay founiti esansyèl pou fabrikasyon nan New York. Ajans Eta yo pral kolabore pou idantifye endistri kle yo pou atire sa ki ta ka amelyore sekirite ekonomik ak pwosperite Eta a lè yo bay pwodwi enpòtan yo. Answit ESD pral travay ak endistri sa yo epi ofri ankourajman sible pou deplase nan New York.

### **Ogmante pwogram Atraksyon Biznis Siyati yo**

Gouvènè Hochul ap dirije Empire State Development pou amelyore ak elaji pwogram atraksyon biznis ki egziste deja pou ankouraje envestisman inovasyon epi kontinye devlope travay ak biznis alavni.

### *Pwogram Travay Excelsior Amelyore*

Pwogram Travay Excelsior a bay kredi fiskal ki baze sou pèfòmans pou kreyasyon djòb, envestisman ak pwojè rechèch ak devlopman pou ti biznis yo nan endistri sible k ap deplase oswa k ap grandi nan Eta New York Pou konstwi sou pwogram ki pote siksè sa a, Gouvènè Hochul pral amelyore Excelsior pou sipòte lòt priyrite eta enpòtan yo tankou ede kominote ak popilasyon ki defavorize yo ak avanse ekonomi vèt la.

Atravè Excelsior, yo pral bay plis sipò pou pwojè ki gen Sètifikasyon Ajan LEED oswa pi wo oswa ki sitiye nan kominote defavorize yo. Chanjman sa yo pral amelyore ak elaji efò Eta New York ap fè pou atire biznis ak kreye travay, pandan y ap ankouraje dirabilite epi fè New York vin yon kote ki pi ekitab pou viv ak travay. Excelsior pral pi byen reflete priyrite Eta a antoure dirabilite ak jenere envestisman nan kominote ki defavorize yo.

### *Kanpis Pwosperite ak Inovasyon Elaji (Extended Prosperity and Innovation Campuses, EPIC)*

ESD pral lanse inisyativ Kanpis Pwosperite ak Inovasyon Elaji a (EPIC), pou sipòte kwasans nouvo biznis yo epi ede fòme patenarya solid ant sektè prive a ak pi gwo sant edikatif Eta a yo. Inovasyon ki gen rapò ak teknoloji yo te yon gwo motè kwasans pou Eta a, ki mennen nan plizyè milyon dola nan envestisman ak kreyasyon djòb ki gen gwo salè. Gouvènè Hochul konnen ke ak sipò adisyonèl pou motè inovasyon ki egziste deja nou yo, New York ka dirije nasyon an nan devlope nouvo teknoloji ak rekòlte benefis kwasans ekonomik san parèy.

EPIC ranplase pwogram START-UP NY la, ki te patalize pa konsepsyon li a. An reyalite, EPIC pral: gen menm egzijans, avantaj, ak kritè kalifikasyon nan pati nò ak pati sid eta; sipòte yon pi gwo evantay biznis inovasyon; rasyonalize pou retire baryè yo; epi ogmante kantite espas nan Eta a ki dedye a grandi inovasyon ak kreye travay.

###